

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Wangun kalimah sampurna jeung kalimah teu sampurna dina tarjamah surah Ar-Rohman. Kalimah sampurna anu kapanggih nya éta (1) kalimah salancar basajan, (2) kalimah salancar jembar, (3) kalimah ngantét, jeung kalimah sumélér. Sedengkeun kalimah teu sampurna anu kapanggih nya éta (1) kalimah singgetan, (2) kalimah runtuyan, (3) kalimah sambungan, jeung (4) kalimah singget.

Wanda kalimah dina tarjamah surah Ar-Rohman aya kalimah pagawéan jeung kalimah tanpagawéan. Kalimah pagawéan dibédakeun jadi 2 nya éta (1) dumasar panggondéngna jeung (2) dumasar palaku-kalakuanna. Dumasar panggondéngna, dina tarjamah surah Ar-Rohman kapanggih ngawengku kalimah ékalaju, kalimah dwilaju, kalimah madyalaju, kalimah tanlaju, jeung kalimah madyatanlaju. Dumasar palaku-kalakuanna anu kapanggih dina tarjamah surah Ar-Rohman ngawengku kalimah migawé (aktif), kalimah dipigawé (pasif), kalimah migawé manéh, jeung kalimah kahanan (éksistif). Wanda kalimah tanpagawéan anu kapanggih dina surah Ar-Rohman ngawengku kalimah barang kalimah sipat, jeung kalimah bilangan.

Adegan kalimah sampurna dina tarjamah surah Ar-Rohman nya éta pola I mangrupa kalimah salancar basajan, pola II mangrupa kalimah salancar jembar, pola III mangrupa kalimah ngantét, jeung pola IV mangrupa adegan kalimah sumélér. Adegan kalimah teu sampurna dina tarjamah surah Ar-Rohman nya éta pola V mangrupa kalimah singgetan, pola VI mangrupa kalimah runtuyan, pola VII mangrupa kalimah sambungan, jeung pola VIII mangrupa kalimah singget. Masing-masing pola aya nu mibanda variasi, aya nu henteu. Dina pola I teu aya variasi. Pola I diwangun ku hiji jejer jeung hiji caritaan, ditungtungan ku intonasi final. Pola II diwangun ku jejer, caritaan, jeung katerangan, ditungtungan ku intonasi final. Pola II aya dua variasi, nya éta pola IIa jeung pola IIb. Pola IIa diwangun ku katerangan, dituturkeun caritaan, jeung jejer, ditungtungan ku

Ahmad Fatah, 2017

*WANGUN JEUNG FUNGSI KALIMAH DINA TARJAMAH SURAH AR-ROHMAN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN NARJAMAHKEUN DI SMA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

intonasi final. Pola Iib diwangun ku jejer, caritaan, udagan, katerangan, jeung ditungtungan ku intonasi final. Pola III diwangun ku dua klausa bébas, ditungtungan ku intonasi final. Pola III aya hiji variasi nya éta pola IIIa anu diwangun ku tilu klausa bébas, ditungtungan ku intonasi final. Dina pola IV diwangun ku hiji klausa lulugu jeung klausa séler. Pola IV aya lima variasi, nya éta pola IVa diwangun ku hiji klausa lulugu jeung 2 klausa séler, pola IVb diwangun ku dua klausa lulugu jeung hiji klausa séler, pola Ivc diwangun dua klausa lulugu jeung dua klausa séler, pola IVd diwangun hiji klausa lulugu jeung tilu klausa séler, pola IVE diwangun ku tilu klausa lulugu jeung hiji klausa séler, sarta éta masing-masing pola ditungtungan ku intonasi final. Dina pola V teu aya variasi. Pola V mangrupa kalimah singgetan anu teu miboga jejer sarta diwangun ku klausa teu lengkep, ditungtungan ku intonasi final. Dina pola VI diwangun ku konjungsi koordinatif sarta dituturkeun ku klausa lengkep, dipungkas ku intonasi final. Pola VI miboga hiji variasi nya éta VIa anu diwangun ku konjungsi koordinatif sarta dua klausa lengkep, ditungtungan ku intonasi final. Pola VII teu aya variasi. Pola VII diwangun ku konjungsi subordinatif sarta klausa lengkep, ditungtungan ku intonasi final. Pola VIII teu aya variasi. Pola VIII diwangun ku kecap panyeluk sarta frasa barang, ditungtungan ku intonasi final vokatif.

Dina tarjamah surah Ar-Rohman réa kapanggih konjungsi koordinatif *jeung* anu nuduhkeun yén ieu téh kahasan tina adegan kalimah basa arab. Saupama éta kalimah téh dihijikeun, bakal jadi kalimah ngantét campuran.

Fungsi kalimah dina tarjamah surah Ar-Rohman kapanggih aya kalimah wawaran, kalimah pananya, jeung kalimah panyeluk.

Saba'da ditalungtik, ieu tarjamah surah Ar-Rohman téh bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran basa, hususna pangajaran narjamahkeun di SMA kelas X, lantaran saluyu jeung KI 10.3.1 anu unina *Menganalisis unsur kebahasaan dan rasa bahasa teks terjemahan*. Jeung KD 10.4.1 anu unina *Menerjemahkan teks ke dalam bahasa Sunda atau sebaliknya dengan memperhatikan unsur kebahasaan dan rasa bahasa*.

## 5.2 Saran

Panalungtikan ngeunaan tarjamah surah Ar-Rohman ieu moal boa héngkér kénéh tur déét kénéh. Ku kituna, diperlukeun panalungtikan saterusna anu leuwih nyosok jero jeung leuwih gemet kana tarjamah Qur'an salian ti surah Ar-Rohman. Sedengkeun tilikanna mah bisa tina jihat naon baé. Ieu hal dipiharep bisa leuwih ngirut ati sarta jadi garapan anu daria pikeun panalungtik. Pikeun panalungtik saterusna nya éta mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Daerah, taya salahna ngoréhan tarjamah Qur'an salian ti surah Ar-Rohman tina jihat linguistikna pikeun diajarkeun.

Pikeun guru, dipiharep bisa jadi bahan alaternatif dina ngajarkeun katatabasaan ka barudak, ogé dipiharep hasil panalungtikan ngeunaan wangun jeung fungsi kalimahna dina tarjamah surah Ar-Rohman bisa dijadikeun bahan pangajaran. Satuluyana, Pamaréntah dipiharep bisa leuwih ngarojong kana pangajaran basa sangkan murid-murid di sakola miboga kaparigelan basa anu hadé.

Kitu deui pikeun lembaga-lembaga atikan agama Islam, saperti Madrasah Aliyah, hasil ieu panalungtikan dipihareup bisa jadi bahan pangajaran. Pangajaran linguistik basa Sunda dina tarjamah surah Ar-Rohman bakal saluyu jeung jeung kurikulum anu sipatna kaagamaan di madrasah tingkat aliyah.